кәсиплик таярлаўдың ажыралмас бөлеги есапланады. Ол билим бериў менен бирге, гөззаллықты сезе алатуғын, дөретиўшилик пенен пикирлей алатуғын, жәмийеттиң мәдений турмысында белсенди қатнасатуғын бәркамал шахсты тәрбиялай алатуғын муғаллимниң қәлиплесиўине хизмет етеди. Елимиздиң социаллық, экономикалық ҳәм сиясий тараўларында соңғы он жыллықта жүз берген әҳмийетли өзгерислер, сөзсиз, билимлендириўге де өзиниң тәсирин тийгизди. Ҳәзирги заман жасларының ҳәм соның ишинде талабалардың да, қунлылықлы бағдарлары, олардың билим алыўға умтылдырыўшы себеплери, кәсип таңлаўға қатнаслары ҳәм көплеген басқалар өзгерди. Сонлықтан жаңа педагогикалық технологияларды ислеп шыға отырып, билимлендириўдиң социомәдений орталығын басқарыў системасын жетилистире отырып ўақыттың талабына жуўап беретуғын, жаңа әўлад қәнигелерин қәлиплестириўдиң дәслепки жағдайларын есапқа алыў, олардың улыўма сыяқлы, тап сондай-ақ арнаўлы уқыплылықларын да раўажландырыўдың механизмлерин ашып көрсетиў зәрүр. Айтып өтилгенлерге байланыслы, оның ўазыйпасына биринши гезекте, эстетикалық цикл пәнлери арқалы көркем өнерге тартыў ҳәм дүньяға көркемлик көзқарасты қәлиплестириў киретуғын тәбийғый социаллық институт сыпатындағы педагогикалық жоқары оқыў орнының роли анық ашылып көрсетиледи.

Бизиң заманымыз – мағлыўматлы технологиялар заманы – өзиниң күш қуўатын жәмийеттиң ийгилиги ушын жумсайтуғын, үйренишикли үлги бойынша ойламайтуғын, дөретиўши адамларды талап етеди. Сонлықтан, ҳәзирги заман билимлендириўиниң тийкарғы мәселеси дөретиўши, ғәрезсиз, еркин инсанды тәрбиялаў болып табылады, себеби атап айтқанда дөретиўши адам адамзаттың алға илгерилеп өсиўин белгилейди.

**Әдебиятлар**

1. Шапинская Е.Н., Иванов С.А., Киященко Н.И. Образование и искусство в формировании целостной личности. – М.: Школа-Вуз-Академия, 2002.

**РЕЗЮМЕ.** Мақола педагогика олий ўқув юртларида тасвирий ва декоратив амалий санъат йўналиши бўйича касбай тайййёргарлик масалаларида ҳамда ўқув жараёнида талабаларнинг бадиий ривожланиши жараёнига бағишланган. Юқоридагилар билан боғлиқ ҳолда тасвирий санъати замонавий баркамол шахс, ҳар томонлама ривожланган, билимли, илгор, юксак маънавиятли, меҳнат қобилиятига эга, ҳаёт гўзаллигини яратишга интилиш ва англашнинг асосий воситаларидан бири деб биламиз.

**РЕЗЮМЕ.** Статья посвящена вопросам профессиональной подготовке в области изобразительного и декоративно-прикладного искусства в педагогических вузах, а также процессу художественного развития студентов в процессе обучения. В связи со сказанным изобразительное искусство рассматривается нами как одно из основных средств воспитания современной гармоничной личности, всесторонне развитого человека, образованного, прогрессивного, высоконравственного, обладающего умением трудиться, желанием творить и понимающего красоту жизни.

**SUMMARY.** The article is devoted to the issues of professional training in the field of fine and decorative and applied arts in pedagogical universities, as well as the process of artistic development of students in the learning process. In connection with the above, fine art is considered by us as one of the main means of educating a modern harmonious personality, a comprehensively developed person, educated, progressive, highly moral, possessing the ability to work, the desire to create and understanding the beauty of life.

## OQÍWShÍLARDA KOMMUNIKATIVLIK PROCESTIŃ DIDAKTIKALÍQ ÓZGEShELIKLERI HÁM ONDA QOLLANÍLATUǴÍN DIALOG TEXNOLOGIYASÍNÍŃ QURAMÍ HÁM XARAKTERI

**B.K.Utemuratov –** *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
*Qaraqalpaqstan Respublikası Pedagogikalıq sheberlik orayı*

**Tayanch so‘zlar:** dialog, sotsium, o‘qituvchi, o‘quvchi, kommunikatsiya, kompetensiya, texnologiya, metod, pedagogika, psixologiya.

**Ключевые слова:** диалог, социум, учитель, ученик, коммуникация, компетенция, технология, метод, педагогика, психология.

**Key words:** dialogue, socium, teacher, student, communication, competence, technology, method, pedagogy, psychology.

**Kirisiw.** Sabaqlarda awızeki hám jazba kommunikaciyaǵa tiyisli kompetenciyalardıń qáliplesiwi kommunikativ jaǵdaylar járdeminde ámelge asırıladı. Bunda rolli, iskerlik oyınları hám de treninglerden paydalanıw úlken áhmiyetke iye. Oqıwshılardıń is qaǵazların rásmiylestiriw kónlikpelerin bahalaw, olardıń sociallıq hám kommunikativ kompetenciyaların bahalawǵa tiykar boladı. Oqıwshılardıń kommunikativ kompetenciyaların bahalawda kommunikativ testlerden paydalanıw maqsetke muwapıq bolıp esaplanadı. Bunday testler tapsırmalardı durıs orınlawdı talap etedi hám de sóylew jaǵdayların maqsetke muwapıq túrde qáliplestiriw múmkinshiligin beredi. Kompetenciyalıq qatnas tiykarında shólkemlestirilgen pedagogikalıq proceslerdiń ózine tán ózgesheligi sonda, olar dóretiwshilik xarakterge hám emocionallıq boyawǵa iye boladı. Sabaqtıń dáslepki basqıshında muǵallim oqıwshılar menen kommunikativ qatnas ornatıp, unamlı jaǵdaydı jaratadı. Nátiyjede klass jámááti arasında unamlı ortalıq támiyinlenedi. Bul bolsa doslıq kommunikaciya ushın tiykar jaratadı. Oqıtıwshılar qaysı usıldan paydalanıwına qaramastan oqıwshı arasında iskerlik baylanısqa tiykarlanǵan kommunikativ ortalıqtı qáliplestire alıwı úlken áhmiyetke iye. Bul maqsetke erisiw ushın sóylew shınıǵıwlarınan paydalanıw maqsetke muwapıq boladı. Bunıń ushın elektron qurılmalardan paydalanǵan halda quslar, teńiz tolqınlarınıń seslerin oqıwshılarǵa tıńlatıw, janlı muzıkalardan paydalanıw talap etiledi.

Oqıwshılar bir-biri menen sálemlesip óz ara dialogqa kirisedi. Olarda kommunikativ iskerlik usılların qáliplestiriw hám de oqıw procesiniń dialogqa tiykarlanıwı kompetenciyalıq qatnasqa tiykarlanǵan pedagogikalıq

proceslerdiń áhmiyetli belgisi bolıp esaplanadı. Bunday sabaqlardıń tiykarǵı wazıypası tek ǵana oqıwshılardıń kózqarasın keńeytiwden ibarat emes, al olarda kommunikativ tájiriybeni de payda etiw názerde tutıladı. Bunıń ushın pedagoglar sociallıq birge islesiwdiń anıq usıllarınan paydalanıwı talap etiledi.

**Ádebiyatlar analizi.** Sociumnıń strategiyası kommunikativ kompetenciyanı sociallasıwdıń áhmiyetli shárti sıpatında bahalaydı. Real hám virtual álemde shaxstıń ózin-ózi kórsetiw imkaniyatı kommunikaciya járdeminde keńedi. Bul orında kommunikaciya mádeniy qural sıpatında kórinip, jámiyettegi jańa qádiriyatlar, qaǵıydalar, talaplardı ózinde jámleydi. V.S.Bibler, M.M.Baxtin, M.S.Kagan, D.S.Lixachyovlar kommunikaciyanı jámiyettegi mádeniy qubılıs, qádiriyat sıpatında bahalaǵan [1].

Kommunikativ xarakterdegi dialog texnologiyaları qatarına kritikalıq kózqarastan pikirlew texnologiyası hám dialog texnologiyası da kiredi. Kritikalıq kózqarastan pikirlew texnologiyasınıń tiykarın V.Bibler, M.Baxtin, J.Piaje, L.Vıgockiylerdiń dialogikalıq mádeniyat koncepciyası quraydı. Qánigelerdiń pikirinshe, kommunikativ xarakterdegi dialog texnologiyaları oqıwshılarda beyimlesiwsheńlik, meyillik, kritikalıq kózqarasta bolıw sıyaqlı sıpatlar menen bir qatarda pikirlesiwge kirisiwsheńlik, refleksivlik, kommunikativlik mádeniyat, demokratiyalıq jámiyet mádeniyatı menen integraciyalasıw kónlikpeleriniń de rawajlanıwına járdem beredi.

V.G.Gulchevskayanın anıqlaması boyınsha kommunikativ texnologiyalar tómendegi quramlıq bólimlerge iye: a) dialogqa tiykarlangan talqılaw; b) bilimlerdi jedellestiriw, dáslepki maglıwmatlardı kirgiziw; v) talqılawlardı maqsetke baǵdarlanǵan halda ámelge asırıw; g) talqılaw procesin analizlew hám bahalaw; d) oqıwshılardıń kózqarasların ulıwmalastırıwǵa baylanıslı iskerlik nátiyjelerin kórsetip beriw, tańlangan talqılaw temasınıń maqsetke muwapıqlıǵın kórsetiwshi ózgesheliklerdiń nátiyjeliligin anıqlaw sıyaqlılar [3].

Kommunikativ kompetenciya túsinigine dáslep psixologlar anıqlıq kirgizgen. Kommunikativ kompetenciya insannıń qarım-qatnasqa kirisiw ushın zárúr bolǵan bilim, kónlikpe, uqıplıqlar jıyındısınan ibarat degen táriyp birinshi márte psixologiyalıq sózlikke kirgizilgen. K.F.Sedov kommunikativ kompetenciya belgili bir milletke tiyisli bolǵan nátiyjeli sóylew iskerligin shólkemlestiriw kónlikpesi bolıp, sociallıq birge islesiw normalarına sáykes keledi dep bahalaydı [4]. Kommunikativ kompetenciya teoriyasınıń bul tárepin R.Safarova, B.Xodjaev, Z.Xolmatova, F.Aminovalar da belgili dárejede ózleriniń kózqarasların rawajlandırıwǵa erisken [5].

**Izertlew usılları.** Oqıtıwdıń evristikalıq hám izertlewge tiykarlangan metodı arasında biraz qarama-qarsılıqlardı payda etiw arqalı oqıtıwshı oqıwshılardı mashqalalı jaǵdaylarǵa alıp kiredi. Oqıwshılarda kommunikativ kompetenciyalardı qáliplestiriwdiń áhmiyetli shártlerinen biri sabaqlarda kommunikativ jaǵdaylardı joybarlaw hám konstrukciyalawdan ibarat. Usı maqsette muǵallim arnawlı tapsırmalardı tańlaydı. Bul tapsırmalar óz gezeginde kommunikativlik shınıǵıw wazıypasın atqaradı. Dáslep oqıwshılarda óz qatarları menen qarım-qatnasqa kirisiw imkaniyatı jaratıladı. Bul proceste oqıwshılar bir-birine ózleriniń unamlı múnásibetlerin bayan etedi, bir-birin qollap-quwatlaydı hám dialogqa kirisedi. 5-klasqa ótkennen keyin oqıwshılarda issheńlik qarım-qatnas, is qaǵazların dúziw kónlikpeleri qáliplesedi. Bul bolsa olardıń sociallıq turmısqa beyimlesiwi hám integraciyalasıwın jedellestiredi. Ámeliy tájiriybeler sonı kórsetedi, oqıwshılar belgili bir hújjetti qalay toltırıwdı anıqlaw procesinde kimge múrájat etiwdi bilmeydi, olardıń kommunikativ kompetenciyaları jeterli dárejede qáliplespegenligi belgili boladı.

**Nátiyjeler.** Oqıw procesiniń funkcional xarakterge iye bolıwın támiyinlew ushın oqıwshılardıń kommunikativlik mútájliklerin qanaatlandırıwǵa xizmet etetuǵın oqıw materialların tańlaw maqsetke muwapıq boladı. Bizge belgili, oqıwshılar muǵallimge sorawlar beredi, óz pikirlerin tastıyıqlawǵa háreket etedi, bul proceste bir-birin qollap-quwatlaydı, óz gúman-sezimlerin ortaǵa taslaydı, sol tiykarda óz sóylewindegi grammatikalıq normalardı jedellestiriwge erisedi.

Oqıwshılarda oqıw predmetin úyreniwge bolǵan qızıǵıwshılıqtıń rawajlanıwı tómendegi imkaniyatlardı jaratadı:

- oqıtıwdıń oyınǵa tiykarlanǵan, kórgizbeli, sezimge bay, hár túrli usıl hám metodlardı qollanıw járdeminde oqıwshılardıń kommunikativ kompetenciyaların rawajlandırıw;
- oqıwshınıń jetiskenliklerin tán alıw, xoshametlew, qollap-quwatlaw, maqtaw, olarda qanaatlanıwshılıq sezimin payda etedi;
- oqıtıwshınıń oqıwshılarǵa bolǵan unamlı múnásibeti keleshekte olardıń dóretiwshilik belsendilik kórsetiwin, issheńlik qarım-qatnasqa kirisiwin, klaslasları hám oqıtıwshılar menen dialog ornatıwın támiyinleydi;
- oqıwshılardıń tábiyiy imkaniyatların esapqa alǵan halda tapsırmalardı tańlaw menen bir qatarda usı tapsırmalardı tabıslı orınlawı ushın olarǵa járdem kórsetiw de úlken áhmietke iye. Bul óz gezeginde olardıń oqıw procesinde erkin háreket etiwi hám tabısqa erisiwi ushın motivaciya payda etedi;
- oqıwshılardıń jeke tájiriybelerine súyengen halda oqıw procesin shólkemlestiriw, turmıslıq jaǵdaylar menen uqsas jaǵdaylardan paydalanıw olarda kommunikativ kompetenciyanıń nátiyjeli qáliplesiwine sharayat jaratadı.

Kompetenciyalıq qatnasqa tiykarlanǵan oqıw procesiniń ózine tán ózgesheligi sonda, bunday sabaqlarda oqıwshılar refleksiv iskerlikke tartıladı. Oqıtıwshı oqıwshılardı óz háreketlerin talqılawǵa úyretedi, ózi hám klaslaslarınıń unamlı sıpatların ajıratıwǵa iytermeleydi, oqıwshılar bolsa óz kózqarasların qorǵaydı, óz tańlawların ámelge asıradı. Bunday pedagogikalıq proceslerde oqıwshılarda jeke kózqaras qáliplesip, turmıslıq jaǵdaylar hám óz minez-qulqı haqqında oylaw, onı analizlew imkaniyatı payda boladı. Oqıw procesinde dialogqa tiykarlangan bilim beriw texnologiyalarınan paydalanıw oqıwshılardıń iskerligin ózgertiwge tiykar bolıp, qarım-qatnas procesinde hár qıylı mashqalalarǵa sın kózqarastan qatnas jasaw kónlikpeleriniń qáliplesiwi jedellesedi. Nátiyjede olarda dáliyllerdi tiykarlaw, óz pikirin anıq dáliller járdeminde kórsetip beriw, qıyın turmıslıq jaǵdaylarda qararlar qabıl etiw hám onı durıs bahalaw kónlikpeleri rawajlanadı.

Dialogqa kirisiwge tayarlıq insannıń shaxs sıpatında qálipleskenligin kórsetiwshi kórsetkishlerden biri bolıp esaplanadı. Bunday tayarlıq ózinde úyrenilip atırǵan qádiriyatlardıń mazmun-mánisin izlew hám anıqlaw, usınılǵan maǵlıwmatlardı subyektiv qabıllaw imkaniyatına

iye bolıw, basqa pikirler hám kózqaraslardıń shegarasın anıqlawǵa baylanıslı kónlikpelerdi jámleydi.

Pedagogika hám psixologiyaǵa baylanıslı qatnaslardıń analizi sonı kórsetedi, oqıwshılarda kommunikativlik uqıplılıqtıń rawajlanıwı ana tiliniń qaǵıydaları, ózine tán ózgesheliklerin úyreniw, usı tiykarda til birliklerin normativlik, aqılıy, intellektual, ádep-ikramlılıq jaqtan tabıslı qollanıw hám hár qıylı qarım-qatnas jaǵdaylarında óz pikirin bildiriw kompetenciyasın kórsetiw ushın qolaylı imkaniyat jaratadı.

Oqıwshılarda kommunikativ kompetenciyanı rawajlandırıw basqıshları ózine tán áhmiyetke iye. Sebebi oqıwshılarda kommunikativ kompetenciyanıń rawajlanıwı olardıń sóylewin rawajlandırıw, biliw imkaniyatların keńeytiwge xızmet etetuǵın oqıw birliklerin tańlaw, kommunikativ xarakterdegi oqıw procesin shólkemlestiriw metod hám usılların jeterli dárejede qollanıwdıń nátiyjeliligin támiyinlewge xızmet etedi. Bul proceste oqıwshılardıń kommunikativ kompetenciyasın rawajlandırıwdıń konceptual tiykarları hám mexanizmlerin tereń oylanǵan halda engiziwge baǵdarlanǵan pedagogikalıq iskerlik tómendegi basqıshlarda ámelge asırıladı:

1. Oqıwshılardıń sabaq procesindegi qarım-qatnasqa tayarlıǵı, muǵallim hám klaslasları tárepinen berilgen sorawlarǵa juwap beriwi, bul proceste juwaplardıń tolıqlıǵına erisiwi, qoyılǵan mashqala yaki sabaq temasına baylanıslı sorawlardıń tańlanıwı, oqıwshılar berilgen sorawlar hám oǵan qaytargan juwaplardı túsindire alıwı, belgili temalarda anıq maǵlıwmatlar bere alıwı, óz pikirlerin logikalıq izbe-izlikte bayan ete alıwı;

2. Pikirdiń anıq hám qısqa bayan etiliwi, óz pikirleriniń hámmege túsinikli bolıwın támiyinlew boyınsha islewi, óz pikirlerin anıq, durıs, ayqın bayan etiwi, pikirlerin tastıyıqlawshı mısallar keltire alıwı, ritorikalıq xarakterdegi sorawlardan paydalana alıwı, klaslasları hám sáwbetlesleri menen qarım-qatnasqa kirise alıwı, óz sóylew iskerliginiń dárejesi hám tempin durıs belgiley alıwı;

3. Klaslasları hám teńlesleri menen sáwbetke kirise alıwı, sáwbet procesin qollap-quwatlay alıwı, konstruktivlik xarakterdegi dialog jaǵdayların jarata alıwı, pikirlesiw jaǵdaylarına kirise alıwı hám onı maqsetke muwapıq túrde ámelge asıra alıwı, hár túrli oyınlar, jarıslar, ǵalabalıq ilajlar, kórkem óner keshelerinde qatnasa alıwı.

Oqıwshılardı tabıslı rawajlandırıw ushın muǵallim olar menen qarım-qatnas hám birge islesiwdi ornata alıwı kerek. Bunıń ushın zárúrli kommunikativ kompetenciyalardı esapqa alıw úlken áhmiyetke iye. Usı maqsette 5-9-klass oqıwshıları kitap qumarlıqtıń hár túrli formalarınan paydalanıwı, oqıǵan shıǵarmaların tuwrıdan-tuwrı talqılawı, muǵallim tárepinen qoyılǵan sorawlarǵa izbe-izlik tiykarında juwap beriwi, sorawlarǵa berilgen juwaplardı ózlerinde bar bilimleri hám tapsırmalarǵa sáykes bolıwına erisiwi, óz kózqarasların anıq dáliyllerge tayanıp bayan ete alıwı, ózleri keltirgen mısallardı anıq dáliyller menen tastıyıqlay alıwı, sáwbetlesleriniń kózqarasların túsiniwi hám bahalawı, jámáátlik qatnasıqlar hám birgeliktegi iskerlikte qatnasa alıwı sıyaqlılar oqıwshılarda kommunikativ kompetenciyanı sistemalı túrde qáliplestiriwi ushın zárúr áhmiyetke iye. Sonday-aq, bul dáwirde oqıwshılar belgili bir shıǵarma tiykarında qáliplestirilgen tekst ústinde isley alıwı, bunda sabaqtıń maqseti hám sharayatlarına baylanıslı túrde sóylew iskerligin ámelge asırıwı, sorawlardı qáliplestiriw hám olardı qollanıw kónlikpesine iye bolıwı, shıǵarma temasınan kelip shıǵıp anıq sorawlardı qáliplestiriwi, bayanat tekstin tayarlawı hám onı bayanlay alıwı, óz jeke kózqarasların isenimli túrde qorǵay alıwı, klaslaslarınıń kózqarasların túsiniwi, sóylew procesinde dáliller, túsinikler, pikirlerdi parıqlap ajırata alıwı, tańlap oqıw, analitikalıq oqıw, izleniwge tiykarlanǵan oqıw, sın kózqarastan pikirlew tiykarında oqıw sıyaqlı iskerlik usılların ámelge asırıw, oqıw dialogınıń hár túrli formaların ámelge asırıw procesinde óz ara birgeliktegi iskerlik hám birge islesiwge kirise alıwı kommunikativ kompetenciyanıń rawajlanıwı ushın ayrıqsha áhmiyetke iye boladı.

Joqarı 10-11-klass oqıwshılarında kommunikativ kompetenciyanıń nátiyjeli rawajlanıwı ushın oqıwshılar menen muǵallimniń birgeliktegi xızmeti úlken áhmiyetke iye. Bul proceste oqıtıwshı jetekshi kommunikativ kompetenciyalardı anıq esapqa ala alıwı kerek. Bunıń ushın qoyılatuǵın sorawlardıń forması hám olardı qollanıw kónlikpelerin jetilistiriw, sorawlardı maqsetke muwapıq hám temaga sáykes túrde qáliplestiriw, anıq maǵlıwmatlarǵa tayanıp bayan etiw, ózleriniń jeke kózqarasların qorǵaw, óz pikirlerin keń kólemde bayan etiwde logikalıq izbe-izlikti támiyinlew, óz klaslaslarınıń kózqarasların túsiniwi, sol tiykarda dáliller, túsinikler, pikirler, túsiniklerdiń mánisin ańlap jetiwi, óz pikirlerin tastıyıqlawshı dáliller keltire alıwı, kitapqumarlıqtıń tańlap oqıw, izleniwge tiykarlanǵan oqıw, analitikalıq hám de kritikalıq kózqarastan oqıw sıyaqlı túrlerinen paydalana alıw, oqıw dialogınıń hár túrli formaların ámelge asırıw.

**Diskussiya.** Kommunikativ kompetenciya óz pikirin qáliplestiriw menen bir qatarda oqıw birge islesiw sheńberinde juplıqlarda, topar-topar, jámáát bolıp islew, qarama-qarsılıqlarǵa sheshim tabıwdıń alternativ variantların qollanıw, ayrıqsha jaǵdaylarda áhmiyetli qararlar qabıl etiw hám onı ámelge asırıw, sáwbetlesleriniń minez-qulqı hám is-háreketlerin basqarıwǵa baǵdarlanǵan iskerlikti ámelge asırıw, sol maqsette olardıń háreketlerin baqlaw, bahalaw hám oǵan dúzetiwler kiritiw, óz pikirin múmkinshiligi bolǵanınsha tolıq, anıq bayan etiw kónlikpesin kórsetiw, bunda kommunikaciyanıń wazıypaları hám shárt-sharayatların anıq esapqa alıw názerde tutıladı.

Dialogqa tiykarlanǵan kommunikativ texnologiyalardı qollanıw procesi óz ishine bir qatar metodlardı da qamtıp aladı. Máselen, "Óz ara dialogqa kirisken juplıqlar arasında sorawlar ótkeriw", "Ekewliktegi kúndelik", "Zigzag", "Veb texnikasınan óz ara paydalanıw", "Ashıq sorawlar járdeminde boljaw", "Sóylewshiler jarısı", "Intellektual soqlıǵısıw" usılları járdeminde oqıwshılardıń kommunikativ kompetenciyasın sistemalı túrde rawajlandırıw imkaniyatı bar. Soǵan qaray, kommunikativ dialog texnologiyaları quramına kiretuǵın usıl hám metodlardan paydalanıw oqıwshılardıń kommunikativ kompetenciyaların ózlestiriw dárejelerin rawajlandırıw imkaniyatına iye. Bunıń nátiyjesinde olardıń bilimlerdi ózlestiriw sapası, kreativ iskerlik tájiriybesi, logikalıq tiykarǵa iye bolǵan ilimiy pikirlew hám emocionallıq bahalawshı múnásibet tájiriybeleri rawajlanadı. Oqıwshılarda kommunikativ kompetenciyanıń rawajlanıwı tek sabaq procesinde emes, al sabaqtan tısqarı sociallıq pedagogikalıq jaǵdaylarda da sistemalı túrde ámelge asadı. Bunıń ushın oqıtıwshılar sabaqtan tısqarı pedagogikalıq

proceslerdi ilimiy tiykarda ózleriniń metodikalıq sheberliklerin kórsetken halda shólkemlestiriwi kerek. Bul proceste oqıwshılardıń joqarı dárejedegi erkinlikleri hám umtılısları, sociallıq kónlikpelerdiń rawajlanǵanlıǵı, bilimlerdi ózlestiriw kónlikpeleriniń qálipleskenligi, kreativ qábiletleri úlken áhmietke iye.

**Juwmaq.** Oqıwshılardıń tańlaw erkinligine iye bolıwı oqıw procesiniń sanalı túrde shólkemlestiriliwi sapa hám nátiyjeliligin támiyinlewge xızmet etedi. Kórinip turǵanınday, sabaqtan tısqarı pedagogikalıq jaǵdaylarda oqıwshılardıń kommunikativ kompetenciyaları ózine tán tárizde rawajlanadı. Kommunikativ xarakterdegi dialog texnologiyaları sheńberine kiriwshi usıllar hám metodlardı qollanıw oqıwshılardıń didaktikalıq jaǵdaylar mánisin tereń hám puqta ańlawına járdem beredi. Bunday shınıǵıwlar nátiyjesinde oqıwshılar úlken kólemdegi bilimlerdi ózlestiredi, ideyalardı alǵa qoyıw hám sheshimlerge alıp barılatuǵın iskerlik usılların qollanıwǵa erisedi. Ózlestirilgen bilimlerdiń tábiyiyligi, ulıwmalasqanlıǵı, standart emesligi, funkcional xarakterge iye bolıwı, bilimlerdi jańa sharayatlarda qollanıw imkaniyatınıń keńeyiwi támiyinlenedi. Sonıń menen bir qatarda oqıwshılarda sheshiletuǵın mashqalalardı hár tárepleme dodalaw zárúrligi payda boladı, kritikalıq kózqarastan pikirlew rawajlanadı, kommunikativ kompetenciyalar qáliplesedi hám mádeniy qarım-qatnas imkaniyatı keńeyedi. Sonı ayrıqsha atap ótiw kerek, oqıwshılarda tayanısh kompetenciyalar, sonıń ishinde, kommunikativ kompetenciyanı qáliplestiriw nátiyjesinde ulıwma orta bilim beriw mektepleri sociallıq tájiriybeni tabıslı ózlestiriw imkaniyatına iye bolǵan shaxstı tárbiyalawdan ibarat sociallıq buyırtpanı orınlaydı.

## Ádebiyatlar

1. Библер В.С. Мышление как творчество (Введение в логику мысленного диалога).- М.: Политиздат, 1975, -С.399., Бахтин М.М. Эстетика словесного творчества -М.: «Искусство», 1986, -С.445., Каган М.С., Морфология искусств : учебник для вузов — Москва : «Юрайт», 2025. –С. 388., Лихачев Д.С. Письма о добром -Москва-Санкт-Петербург: «Наука Logos», 2006, -С.315.

2. Библер В.С. Мышление как творчество (Введение в логику мысленного диалога) М.: Политиздат, 1975, 399 с., Бахтин М.М. Эстетика словесного творчества М.: Искусство, 1986, 445 с., Жан Пиаже Реч и мышление ребенка -М.: АСТ, 2022, 411 с., Выготский Л.С. Мышление и речь –Москва: Ленинград.: Социально-экономическое издательство, 1934, -С.325.

3. Гулчевская В.Г. Интегративная технологическая модель педагогической поддержки школьников в процессе обучения. – М.: Ридеро 151 с.

4. Седов К.Ф. Дискурс и личность: эволюция коммуникативной компетенции. – М.: «Лабиринт», 2004. –С. 318.

5. Safarova R.G. Kognitiv pedagogikaga oid nazariy yondashuvlar. Monografiya. – Toshkent: Science and innovation, 2024. 186-b.

**REZYUME.** Maqolada oʻquvchilarda kommunikativ kompetensiyani rivojlantirish bosqichlari, uning rivojlanishi, nutqni rivojlantirish, bilish imkoniyatlarini kengaytirishga xizmat qiladigan oʻquv birliklarini tanlash, kommunikativ xarakterdagi oʻquv jarayonini tashkil etish metod va usullarini yetarli darajada qoʻllashning samaradorligini taʼminlash haqida soʻz yuritilgan. Dialogga asoslangan kommunikativ texnologiyalarni qoʻllash jarayoni oʻz ichiga qamrab oladigan bir qator usul va metodlar haqida tushunchalar berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются этапы развития коммуникативной компетенции у учащихся, ее развитие, развитие речи, выбор учебных единиц, служащих расширению познавательных возможностей, а также обеспечение эффективности адекватного применения методов и приемов организации учебного процесса коммуникативного характера. В процессе применения коммуникативных технологий, основанных на диалоге, представлены понятия о ряде методов и приемов.

**SUMMARY.** The article discusses the stages of developing students' communicative competence, its development, speech development, the selection of learning resources that serve to expand their cognitive abilities, and ensuring the effectiveness of adequately applying methods and techniques for organizing the communicative learning process. The process of applying communication technologies based on dialogue encompasses a number of methods and techniques.

## МАКТАБГАЧА ЁШДАГИ БОЛАЛАРГА РИТОРИКАНИ ЎРГАТИШ ВА РИВОЖЛАНТИРИШ КОМПЕТЕНЦИЯЛАРИ

**Х.Қ.Шамуратова –** *ассистент ўқитувчи*

*Ажиниёз номидаги Нукус давлат педагогика институти*

**Таянч сўзлар:** коммуникативлик режа, ижтимоий ва педагогик фаолият, мулоқот, хулқ-атвор, тарбиячи-педагог.

**Ключевые слова:** коммуникативный план, социальная и педагогическая активност, поведение, воспитатель и педагог

**Key words:** communicative plan, social and pedagogical activity, communication, behavior, teacher-educator.

**Кириш.** Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2019 йил 29 апрелдаги «Ўзбекистон Республикаси Халқ таълими тизимини 2030 йилгача ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида» ПФ-5712-сон Фармонида 2030-йилгача бўлган даврда миллий таълимни модернизация қилиш концепциясида ривожланаётган жамиятга замонавий, билимли, ахлоқий, ташаббускор, танлаган вазиятда мустақил равишда масъулиятли қарорлар қабул қила оладиган, юзага келиши мумкин бўлган оқибатларини башорат қила оладиган, уларни амалга оширишга қодир инсонлар зарурлигига эътибор қаратилади [1].

**Асосий қисм.** Мактабгача таълим муассасаларининг тарбиячи-педагог томонидан турли хил мактабгача таълим дастурлари амалга оширилади. Ҳар бир шахснинг етук инсон бўлиб шаклланиши педагогнинг малакасига боғлиқ. Олий ва ўрта педагогик таълим тизимида замонавий мутахассис тайёрлаш ижтимоий-